

## Kingkilaban

### Drs. H. Bambang Suryalaksana Pangusaha Sukses Wedalan Sastra Sunda Unpad

**R**ektor Unpad Ganjar Kurnia kungsi ngeuing dina wisuda sarjana, yen lulusan paguron luhur dina jaman kiwari, alusna mah kudu jadi "insan anu mandiri", nyiptakeun lapangan gawe sorangan, ulah jajaluk ngantri ka unggal lembaga jeung institansi natawarkeun ijasah sarjanana. Tah kabeneran Mangle panggih jeung salah saurang sarjana anu kahirupanana sukses ku jalan "berdikari(berjalan di atas kaki sendiri, istilah Bung Karno)", ngaranna Bambang Surya Laksana (48).

Wedalan Sastra Sunda Unpad (84-89) teh boga pausahaan Wedding Organizer "Rizka" di Jalan Cijambe 15 Ujungberung jeung Jalan Bojong Koneng 1 - Cikutra Bandung. Pausahaanana nyadiakeun sagala kaperluan pikeun anu pangantenan saperti Rias Penganten, Cattering, Persewaan Alat Pesta/Busana, Dekorasi Pelaminan & Gedung, Photography, Upacara Adat jeung Kasenian. Sa-Bandung Timur mah ampir "kacekel" ku manehna, geus teu barireukeun deui.

Lalakon Bambang jadi pangusaha sukses, estu tina perih, hayang maju jeung gawe nu rancage. Usahana ditaratas ti "enol", malah keur kuliah keneh harita teh taun 80-an Bambang geus diajar usaha. Usahana mimiti kapanggih sabadana nyaksian dulur-dulurna anu sukses muka salon jeung sapuratina, Bambang ge harita nyoba-nyoba nurutan jeung kabeneran garwana Hj. Neneng Komalawati lulus keurseus ti Ariyanti. Nya der we muka salon anu diteruskeun ku alat-alat pesta, pagawena ge ngan duaan katilu manehna. Atuh remen Bambang ge turun langsung mantuan nu digarawe, taya kacape, taya kabau, dina angen-angenna ngagedur "aing hayang maju!" Nya berekah ku prinsipna: "Lamun hayang beunghar kudu "kerja keras!", gawe nu rancage! tapi lamun gawe sahayuna, hasilna ge tangtu ngan sakitu!" Nya berekah, Bambang anu puluhan taun naratas gawe sauyunan jeung garwana teh kiwari ngahening-ngahening tinggal metik hasilna, hirup tengtrem jeung kulawargana. "Kiwari mah kantong nyueuran ibadah ka Nu Maha Kawasa!" Cek pangusaha anu sok ngajak / nambahan ongkos Umroh atawa ngajak piknik ka pangandaran jeung Yogya ka langgananana anu berprestasi teh. Bambang memang geus rek reureuh, ngan tinggal ngontrol wungkul. Sabagean pausahaanana geus ancer-ancer dipasrahkeun ka regenerasina, para putrana Riska Primasari (wedalan PAAP Unpad), Revina Julia Laksana, Linda Febrianti, jeung Rifki Laksana Putra. Bambang kiwari geus boga 40 urang karyawan, milu nyiptakeun lapangan kerja. Lalakon hirup Bambang suryalaksana jadi conto pikeun mahasiswa Sastra Sunda anu "Minder Wardig", anu ngarasa poekkeun mangsa hareupna, "Na sanggeusna lulus uing bakal digawe dimana?"

Sarjana Sastra Sunda Unpad anu jadi pangusaha sukses memang loba, lian ti Bambang aya Drs. Sali Iskandar (Al-Gifari) jeung Drs. Obay Sobarna anu sukses dina widang kuliner. Nu hiarma balatak jaradi guru SMP, SMA, dosen, PNS, menejer, wartawan, sastrawan, Pulisi, seniman, presenter, jeung sajabana.



Asep GP.